# Презентаци

Коьчал :

Терахьоош


Ассиновскерчу юккъерчу
№2 йолчу школан
6-чу «а» классан дешархочун
Мухаева Маретин


Хастам хьуна, Даймохк – Нана!
Хьо тхан безам, хьо тхан кхоллам.
Таханчул хьо хазбеш кхана,
Тхо ду кийча ирс хьан кхолла.



**Нохчийчоь, дай баьхна латта,**
**Дац дуьненахь хьо бен тхан.**
**Хьо абадехь ирсе латта**
**Оха хьайх дозалла дан!**


Хьох, сан Даймохк, дешнаш бохуш деса,
Хестош, хьан сий лахдан хIуттур  яц.
Хьан бIаьстенан хьаннаш суна еза,
Хьан шовданел деза хIума дац!

**Шен ненан мотт халкъо,**
**Сий ойбуш, Iалашбахь,**
**Цу халкъан паргIато**
**Цхьаммо а хьошур яц.**

**Мамакаев Мохьмад**



# Дог оьцу ненан мотт





Бух боцчу безамо деган мерз бегабо,
Зевнечу озо хьан хийла да хьегаво.
Аьхначу, оьздачу хьан дешнийн хазалло,
Дог шовкъе шаьш дохуш, ойланаш сан марзйо.

Хийла стаг бен доцчу жималло левина,
Хьан духе ца кхуьуш, замано Іехийна.
Уьш муха баьхна-те шайн къоман хазалла,
Шатлакхе ца доккхуш шайн меттан дозалла?

Безаман хотешкахь бийца и оьзда бу,
Бераллин бешара хеза аз хаза ду.
Аганан иллица бекна мотт даима мерза бу,
Ненан моттларбинчу къоман цӀе еза ю.

Меттан сий цадинарш ма миска пекъарш бу,
Барт-марзо кхайкхаеш даима бекна бу.
Ас, шерийн гу тӀера, дог дохуш сайн тӀома,
…шца маршалла доуьйту хьоь дома!





# Терахьдош

**ХӀуманан масалла я рогӀалла гойтучу къамелан декъах <u>терахьдош</u> олу.**

**Терахьдошо маса?**
**масалгӀа?**
**Бохучу хаттаршна жоп ло.**



# Терахьдешнаш

- масаллин
- рогІаллин
- декъаран
- гулдаран
- дакъойн



хуьла.

# Масаллин

**Масаллин терахьдешнаш дукхахьолахь шаьш масалла гойтуш долчу цIердешнашца цхьана лела.**

*Масала:* ***йиъ газа,*** **ялх бIар, бIе стаг**.








http://aida.ucoz.ru

# РогIиллин

**ХIуманан рогIалла гойтучу терахьдашах рогIаллин терахьдош олу.**
**Цо жоп ло масалгIа? бохучу хаттарна.**

*Масала*: **шолгIа, пхоьлгIа, ворхIалгIа.**

**Уьш кхоллало масаллин терахьдашна тIе – агIа – лгIа суффиксаш кхетарца.**






http://aida.ucoz.ru

# Декъаран

**Декъаран маьIна а долуш мас-маса?**
**Бохучу хаттарна жоп лучух декъаран терахьдош олу.**

*масала:шиша дешархо ву 1аш.*



http://aida.ucoz.ru

# Гулдаран

**Юьйцуш йолу хIуманаш ерриге юкъа а лоцуш хуттургаца лелаш долчу терахьдашах гулдаран терахьдош олу.**

*Масала:* **пхий а, вейтта, ший а.**

**Билггал маса я мел ду гойтучух билгалза-масаллин терахьдош олу.**

*Масала*: **Тхан кертахь ю цхьа ши-кхо котам.**

# Х1оттаман

массала: **Кхузът1къе б1арх1, диъ б1е дезът1къе.**

# Цхьалхе

МАСАЛА: ДИЪ, БАРХ1, ИСС, Б1Е, ЭЗАР, МИЛЛИОН, МИЛЛИАРД.

# Чолхе

МАССАЛА: ПХИЙТТА, ШИЙТТА, ДЕЗТ1КЪА.

http://aida.ucoz.ru

| ЦХЬАЛХЕ ТЕРАХЬДЕШНАШ | ЧОЛХЕ ТЕРАХЬДЕШНАШ | ДОЖАР Х1ОТТАМАН |
| --- | --- | --- |
| **Ц1.** пхиъ | Кхойтта | ялх эзар дейтта |
| **Дл.** пхеаннан | Кхойттаннан | ялх эзар дейттаннан |
| **Л.** пхеанна | Кхойттанна | ялх эзар дейттанна |
| **Др.** пхеанно | Кхойттанно | ялх эзар дейттанно |
| **К.** пхеанца | Кхойттанца | ялх эзар дейттанца |
| **Х.** пхеаннах | Кхойттаннах | ялх эзар дейттаннах |
| **М.** пхеанне | Кхойттанне | ялх эзар дейттанне |
| **Дс.** пхеаннал | кхойттанал | ялх эзар дейттаннал |

Ненан маттал деза а сийлахь а х1умма а дац.

Хьай мотт хиъчи бен кхуьур вац хьо 1илманан духе.



Баркалла ладогIарна!